

BAB III

MÉTODEU PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab ngawengku desain panalungtikan, data jeung sumber data, téhnik panalungtikan, jeung analisis data. Panalungtikan anu dilakukeun téh kaasup kana panalungtikan kualitatif. Moleong (dina Mulyani, 2017, kc. 56) ngébréhkeun yén panalungtikan kualitatif nya éta panalungtikan anu nyoko kana sumber data dina wujud kekecapan boh sacara lisan boh tulisan. Lian ti éta, hal anu ditalungtikna téh ditalaah leuwih jero sangkan bisa kacangkling ma'nana.

Métodeu anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métodeu déskriptif. Surakhmad (dina Dewi, 2013, kc. 147) nétélakeun yén métodeu déskriptif nya éta métodeu anu digunakeun pikeun nganggeuskeun pasualan-pasualan kucara ngumpulkeun data, nyusun babagianna, nganalisis, jeung napsirkeun data.


3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan bisa disebut bagan guluyuran tahapan panalungtik. Ti mimiti ngaidéntifikasi masalah, ngarumuskeun masalah, studi pustaka, ngumpulkeun data, ngolah data hasil panalungtikan, nepi ka nyieun kacindekan tina hasil panalungtikan.

Métodeu panalungtikan mangrupa salah sahiji cara anu digunakeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Ieu panalungtikan ngagunakeun métodeu déskriptif. Métodeu déskriptif analitik nya éta métodeu nu ngagambarkeun tur méré pamahaman ngeunaan fakta-fakta nu nyampak dina objék panalungtikan (Ratna, 2014, kc. 53).

Pikeun leuwih babari dina ngalaksanakeun panalungtikan, diperlukeun desain panalungtikan anu puguh jeung ngéntép seureuh. Galur panalungtikan ngaliwatan sababaraha léngkah, nya éta (1) milih masalah, (2) ngumpulkeun data, (3) nangtukeun métodeu panalangtikan, (4) analisis data, (6) ngadéskripsikeun jeung interprétasi data, jeung (7) nyieun kacindekan. Sangkan leuwih jéntré, léngkah-léngkah panalungtikan dibagankeun saperti ieu di handap.

Bagan. 3.1
Desain Panalungtikan



3.2 Data jeung Sumber Data

Dina ieu panalungtikan nya éta wangun, wanda, adegan, jeung fungsi kalimah anu aya dina sumber data. Sedengkeun sumber datana nya éta tarjamahan surah Ar-Rohman dina Al-Qur'an. Surah Ar-Rohman nya éta surah anu ka 55 dina Al-Qur'an nu ngawengku 78 ayat. Tarjamah surah Ar-Rohman anu jadi sumber data nya éta tina Qur'an tarjamah Sunda Al-Amin anu diterjemahkeun ku K.H. Qomarudin Shaleh, H.A.A Dahlan jeung Yus Rusyana anu diterbitkeun ku CV Diponégoro, Bandung, taun 2003, Citakan ka-5.

Ieu sumber data téh kaasup kana sumber data paper. Sakumaha ceuk Arikunto dina Rohilah, sumber data paper téh mangrupa kertas atawa barang anu digunakeun dina métodeu dokuméntasi (2012, kc. 67).

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Sangkan dina nganalisis data leuwih gampang, panalungtik ngagunakeun instrumén kartu data. Kartu data dipaké pikeun ngagampilkeun panalungtik dina nganalisis wangun, wanda, adegan, jeung fungsi kalimah dina tarjamah surah Ar-Rohman. ieu kartu data digambarkeun saperti ieu di handap.

NO : 45
55/72/617
(Nya éta) widadari anu dipingit di mahligé- mahligé.
Klausa 1 : Nya éta/ widadari/ anu dipingit/ di mahligé- mahligé
Adegan : Wangun Kalimah :Konj Subordinatif : <nya éta> + <Klausa Lengkep> + In Fi Wanda Kalimah : J: Pangrandap + C: G Dipigawé + (K) + In Fi Fungsi Kalimah : <Klausa lengkep> + In Fi : 231
Papasingan: wangun kalimah Ringkesan anu tipena mangrupa kalimah sambungan, wanda kalimahna dipigawé, sarta fungsi kalimahna mangrupa wawaran (Déklaratif)
Catetan: saényana éta téh mangrupa klausa sélér anu nyicingan fungsi katerangan sabab dina kalimah klausa saheulaanan.

Gambar 3.1

Conto Kartu Data

Kartu data di luhur nerangkeun kieu:

No 45 hartina ieu téh mangrupa kartu data urutan ka-45 tina sajumlahing kartu data. Kodeu 55/72/617 diwincik: angka 55 hartina surah ka 55 tina tarjamah Qur'an (Ar-Rohman), angka 72 hartina ayat ka 72 tina éta surah, angka 617 hartina kaca dina tarjamah Qur'an. Bagian saterusna uni kalimahna. Bagian saterusna rucatan kalimah. Bagian saterusna analisis adegan anu dumasar wangun, wanda, jeung fungsi. Anu saterusna papasingan kalimah ditilik tina wangun, wanda, jeung fungsi kalimah. Bagian saterusna catetan, saupama aya hal-hal anu perlu dipedar.

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi pustaka. Téhnik studi pustaka dipaké pikeun meunangkeun informasi dina néangan jeung ngumpulkeun data tina tarjamah surah Ar-Rohman.

Léngkah-léngkah téhnik panalungtikan studi pustaka ngaliwatan sababaraha tahapan di handap.

- 1) Maca tarjamahan surah Ar-Rohman.
- 2) Nyalin kalimah-kalimah kana kartu data.
- 3) Nyusun kartu data dumasar ayat.
- 4) Nalaah kalimah ngawengku wangun, wanda, adegan jeung fungsi kalimah.

3.4 Téhnik Analisis Data

Data anu geus kapanggih, saterusna diolah ku cara dianalisis. Analisis data nya éta téhnik ngolah data hasil tina prosés panalungtikan. Dina ngolah data dilaksanakeun maké téhnik analisis unsur langsung. Ari léngkah-léngkahna saperti ieu di handap.

- 1) Mariksa deui sakabéh data kalimah tarjamah Ar-Rohman.
- 2) Ngaruntuykeun kalimah sacara alfabétis sarta méré nomer kode.
- 3) Nganalisis kalimah dumasar wangun, wanda, adegan jeung fungsi.
- 4) Nyieun papasingan kalimah dumasar wangun, adegan, wanda, jeung fungsi.
- 5) Ngadarkeun kalimah dumasar wangun, wanda, adegan, jeung fungsi.
- 6) Nyindekkeun perkara kalimah anu aya dina tarjamah surah Ar-Rohman dumasar wangun, wanda, adegan, jeung fungsina.